ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
15.12.1997-ж. №293-I

ЭНЕРГИЯНЫ РАЦИОНАЛ ПАЙДАЛАНЫЎ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
12.11.2003-ж. 227/II-санлы ҚР Нызамы
12.11.2008-ж. 201/III-санлы ҚР Нызамы
10.06.2016-ж. 92/IX-санлы ҚР Нызамы

I.Улыўма режелер

1-статья. Нызамның мақсети

Бул Нызамның мақсети миллий энергетикалық ресурсларды сақлаўды, энергияны ҳәм өндирислик потенциалды нәтийжели пайдаланыўды тәмийинлейтуғын улыўма ҳуқықый тийкарларды дүзиў болып табылады.

2-статья. Энергияны рационал пайдаланыў ҳаққында нызам ҳүжжетлери

Энергияны рационал пайдаланыў тараўындағы қатнасықлар усы Нызам ҳәм Қарақалпақстан Республикасының басқа да нызам актлери менен тәртиплестириледи.

3-статья. Нызамның ҳәрекет етиў саласы

Жанылғы, жыллылық ҳәм электр энергиясын (буннан былай-энергия) қазып алыў, ислеп шығарыў, қайта ислеў, сақлаў, тасыў, бөлистириў ҳәм тутыныўға (буннан былай-ислеп шығарыў ҳәм тутыныў) байланыслы юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң жумысы-бул нызамның ҳәрекет етиў саласы болып табылады.

Энергияны рационал пайдаланыў тараўындағы ҳуқықый тәртиплестириў төмендегилерге қаратылады:

энергияны ислеп шығарғанда ҳәм тутынғанда оны нәтийжели ҳәм экологиялық жақтан қәўипсиз пайдаланыўды тәмийинлеў;

энергиялық нәтийжели технологияларды ислеп шығыў ҳәм енгизиўди, арзанға түсетуғын нефть өнимлерин, тәбийий газди, көмирди ҳәм тәбийий жанылғының (буннан булай-жанылғы) басқа да түрлерин қазып алыў ҳәм ислеп шығарыўды қошаметлеў;

ислеп шығарылатуғын ҳәм тутынылатуғын энергияның муғдары, сапасы, өлшеминиң ҳәм есабының дурыслығын, исенимлилигин, бирдейлигин тәмийинлеў;

энергияны ислеп шығарыў ҳәм тутыныўдың нәтийжелилигине ҳәм оның сапасына, энергетикалық үскенелердиң, энергия менен тәмийинлеў ҳәм энергияны тутыныў системаларының техникалық жағдайына, мәмлекетлик қадағалаўды ҳәм бақлаўды әмелге асырыў.

4-статья. Стандартластырыў

Энергияны ислеп шығарыўшы ҳәм энергияны тутыныўшы үскене ҳәм өнимге нызам ҳүжжетлери менен нәзерде тутылған тәртипте энергиялық-нәтийжелилик көрсеткишлери белгиленеди.

Нормативлик ҳүжжетлерде энергияны ислеп шығарыў ҳәм тутыныўда нәтийжели пайдаланыўдың көрсеткишлери, сондай-ақ өндирислик процесслердиң энергияны тутыныўы, жылытыў, кондиционерлеў, вентиляция, жыллылық, суў, газ ҳәм электр менен тәмийинлеўге, аймақларды, жайларды ҳәм қурылысларды электр менен жақтыландырыўға энергияны жумсаў көрсеткишлери көрсетиледи.

Энергияны рационал пайдаланыў бойынша нормативлик ҳүжжетлер, техникалық қәделер ҳәм нормалар, энергияның барлық түрлерин ислеп шығарыўшылары ҳәм тутыныўшылары ушын шәртли болады.

Энергияның сапасы тийисли нормативлик ҳүжжетлер менен белгиленген талапларға муўапық болыўы тийис.

5-статья. Стандартластырыў объектлери *(ҚР ЖК 12.11.2008-ж. 201/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Энергия, энергияны пайда ететуғын ҳәм оны сарплайтуғын ямаса энергияны бир түрден басқа түрге айландырып беретуғын әспаб-үскенелер ҳәм өнимлер, транспорт қураллары, қурылыс, жол қурыў ҳәм аўыл хожалығы машиналары, жақтыландырыў техникасы қурылмалары, ысытыў, температура ҳәм ызғарлықты бир ҳалда сақлап турыў ҳәм ҳаўаны алмастырыў системалары, халық тутыныў товарлары, ыссылық өткермейтуғын материаллар ҳәм қурылыс конструкциялары, технологиялық процесслер, сондай-ақ энергия пайда етиў ҳәм өним ислеп шығарыў ушын энергия сарпланыўы көрсеткишлериниң номенклатурасы ҳәм әҳмийетлилиги энергиядан ақылға уғрас пайдаланыў саласындағы стандартлаў объектлери болып табылады. *(ҚР ЖК 12.11.2008-ж. 201/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

6-статья. Энергиялық нәтийжелилик ҳәм энергия сапасы көрсеткишлериниң сақланыўы үстинен мәмлекетлик қадағалаў ҳәм бақлаў

Энергиялық нәтийжелилик ҳәм энергия сапасының нормативлик ҳүжжетлерде белгиленген көрсеткишлериниң сақланыўын мәмлекетлик қадағалаў ҳәм бақлаў Қарақалпақстан стандартластырыў, метрология басқармасына ҳәм нызамда белгиленген тәртипте басқа да уйымларға жүкленеди.

7-статья. Энергияны тутыныў нормативлери

Усы нызамның 5-статьясында атап көрсетилген объектлер ушын энергияны тутыныў нормативлери, Өзбекстан Республикасы ҳүкимети ямаса ол ўәкиллик берген уйымлар тәрепинен белгиленеди. *(ҚР ЖК 12.11.2008-ж. 201/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Энергияны тутыныў нормативлери энергия ислеп шығарыўшы ҳәм тутыныўшы үскенелер ҳәм өнимлердиң техникалық паспортларына, ремонтлық ҳәм режимлик карталарына, олардан пайдаланыў бойынша көрсетпелерге шәртли түрде киргизиледи. Жайлар ҳәм қурылысларды жылытыўға, вентиляциялаўға ҳәм кондиционерлеўге жумсалатуғын энергия нормативлери, қурылыс нормалары ҳәм қаделеринде белгиленеди. Ҳәр бес жылдан кейин, энергияны тутыныў нормативлерин алдыңғы технологиялардың жетискенликлерин есапқа алыў менен қайта қарап шығыў ҳәм дүзетип турылыўы тийис.

8-статья. Сертификатластырыў

Төмендегилер нормативлик ҳүжжетлерде көрсетилген энергия жағынан нәтийжелилик көрсеткишлерине муўапықлық бойынша мәжбүрий сертификатластырылады: *(ҚР ЖК 12.11.2008-ж. 201/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

энергетика ресурслары;

жалпы өнимлерди ислеп шығарыў, усы бағдардағы жумыслар ҳәм хызметлер;

энергия ислеп шығарыўшы, энергияны тутыныўшы үскене ҳәм өним.

Шәртли сертификатластырыў, нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Ислеп шығарыўшы әспаб-үскенелерди, соның ишинде турмыста пайдаланыў ушын арналған әспаб-әнжамларды энергия жағынан нәтийжелилик көрсеткишлерине байланыслы бөлиминде тамғалаўды нормативлик ҳүжжетлерде көрсетилген талапларға муўапық әмелге асырады. *(ҚР ЖК 12.11.2008-ж. 201/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

9-статья. Метрология

Энергияны ислеп шығыўда ҳәм тутыныўда мәмлекетлик метрологиялық қадағалаў ҳәм бақлаў шәртли түрде болыўы тийис. *(ҚР ЖК 12.11.2008-ж. 201/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Энергияны рационал пайдаланыўды мәмлекетлик метрологиялық тәмийинлеў, энергияны ислеп шыққанда ҳәм тутынғанда өлшемлердиң

бирдейлигин тәмийинлеўге қаратылған илажлар комплексин ҳәм нормативлик ҳүжжетлерин нәзерде тутады.

Энергияны ислеп шығарыў ҳәм тутыныўды мамлекетлик метрологиялық қадағалаў ҳәм бақлаў объектлери төмендегилер болып табылады:

өлшеў қураллары;

информациялық өлшеў системалары;

затлардың, материаллардың қурамы ҳәм қәсийетлериниң стандартлық үлгилери;

энергияны ҳәм энергияға ийе болған нәрселерди есапқа алыў комплекслери ҳәм узеллери;

өлшеўлерди әмелге асырыў усыллары;

метрология нормалары ҳәм қаделери менен нәзерде тутылған басқа да объектлер.

Энергияны рационал пайдаланыў системасын тәмийинлеўди мәмлекетлик метрологиялық қадағалаў ҳәм бақлаў Қарақалпақстан стандартластырыў, метрология басқармасына жүкленеди.

II. Энергияны рационал пайдаланыўда мәмлекетлик басқарыў тийкарлары

10-статья. Энергияны рационал пайдаланыў тараўында мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары

Энергияны рационал пайдаланыў тараўында мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары төмендегилер болып табылады:

тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды иске асырыў;

миллий экономиканы интенсив раўажландырыў ушын зәрүр болған энергияны ислеп шығыўды ҳәм тутыныўды турақластырыў;

энергияны ислеп шығарыў ҳәм тутыныў тәртибин қолайластырыў, оның есабын алып барыўды шөлкемлестириў;

энергияны үнемлеўши үскенелер ҳәм энергияны аз талап ететуғын өнимлерди ислеп шығарыўды қошаметлеў;

энергия ислеп шығарыўшы, энергияны тутыныўшы үскене ҳәм өнимниң нормативлик ҳүжжетлерине, энергетиканы унемлеўши көрсеткишлерин киргизиў;

энергия сапасы, өндиристе энергияны қолланыўдың нәтийжелилигин ҳәм өнимлерде энергияны пайдаланыў көлеми үстинен мәмлекетлик қадағалаўды ҳәм бақлаўды шөлкемлестириў;

кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлердиң энергетикалық нәтийжелилигин тексериўди шөлкемлестириў;

өнимлердиң, ҳәрекет етип турған ҳәм реконструкцияланып атырған объектлердиң, технологиялар менен үскенелердиң энергетикалық экспертизасын өткериў;

жоқары энергетикалық нәтийжеликтеги жойбарларды иске асырыў ушын энергиялық нәтийжелилик көрик зоналарын дүзиў;

энергиялық нәтийжели ҳәм экологиялық таза технологиялар менен өндирислерди раўажландырыўды қошаметлеў;

энергияны өндирис ҳәм тутыныў үстинен статистикалық бақлаўларды шөлкемлестириў.

11-статья. Энергияны рационал пайдаланыў бойынша мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң ўәкилликлери

Энергияны рационал пайдаланыў бойынша мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы ҳүкимети төмендеги жумысларды алып барады:

энергияны рационал пайдаланыўға бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды ислеп шығады және оларды әмелге асырады;

энергияны үнемлеўши программалар ҳәм жойбарлар ислеп шығыўда және оларды әмелге асырыўда министрликлердиң, ведомстволардың, кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң, сондай-ақ жергиликли ҳәкимият уйымларының жумысларын байланыстырады;

энергиялық нәтийжели техниканы ҳәм өнимди, алдыңғы технологияны, бул тараўда басқарыў усылларын ҳәм илимий изертлеўлерди енгизиў, екинши дәрежели энергия ресурсларын ҳәм шығынларды пайдаланыў, сондай-ақ қуяш энергиясын, самалды, ағын суўлардың тәбийий ҳәрекетин ҳәм энергияның басқа да дәреклерин (буннан былай энергияның қайта тиклениўши дәреклери) пайдаланыў менен технологияларды иске асырыўға жәрдем көрсетеди;

энергияны есапқа алыў, қадағалаў ҳәм өлшеў әсбапларын, энергиялық нәтийжели ҳәм экологиялық қәўипсиз энергетикалық үскенелерди ислеп шығарыў бойынша өндирис базасын раўажландырыўға мүмкиншилик туўдырады;

ҚР 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Нызамына муўапық алтыншы абзац алып тасланған

энергетикалық изертлеўлер ҳәм экспертизалар тараўындағы жумысты лицензияластырады;

энергияны тутыныўдың арнаўлы тәртибин белгилеўге келисим береди;

энергияны рационал пайдаланыў ҳәм энергетикалық үскенелерди пайдаланыў мәселелери бойынша кадрлар таярлаў ҳәм қайта таярлаў системасын дүзиўге жәрдем көрсетеди;

энергияны пайдаланыў нәтийжелилиги ҳаққында жәмийетшиликке мәлимлеп турады;

ҳәрекеттеги нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

12-статья. Тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар менен жойбарлар

Энергияны рационал пайдаланыў тараўында миллий, тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар менен жойбарлар, энергияны рационал пайдаланыў бойынша мәмлекетлик сиясат жүргизгенде миннетли болып табылады.

Тараўлық, регионаллық мақсетке бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды ислеп шығыўдың баслаўшылары болып:

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметлери;

министрликлер ҳәм ведомстволар тийислисинше ҳәрекет етеди.

Тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар менен жойбарлар бес жылға ҳәм оннан да узақ муддетке мөлшерленип ислеп шығылады. Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети тәрепинен тастыйықланады ҳәм артықмашлық берилген болып есапланады. Оларды иске асырыў бойынша жуўапкершилик тийислисинше Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметине, министрликлер ҳәм ведомстволарға, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына жүкленеди.

13-статья. Энергетикалық изертлеў

Энергетикалық изертлеўлер, энергияны ислеп шығыў ҳәм тутыныў нәтийжелилигине баҳа бериў мақсетлеринде өткериледи.

Ҳәр жыллық энергия ресурсларын тутыныўдың улыўма көлеми еки мың тоннадан аслам шәртли жанылғы ямаса бир мың тоннадан аслам мотор жанылғысынан ибарат болған кәрханлар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер миннетли түрде энергетикалық изертлеўлерден өткерилиўи тийис болады.

Энергетикалық изертлеўлерди өткериў тәртиби ҳәм муддетлери Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети тәрепинен белгиленеди. *(ҚР ЖК 10.06.2016-ж. 92/IX-санлы Нызамына тийкар өзгерислер киритилген)*

14-статья. Энергетикалық экспертиза

Энергиялық нәтийжелилигине ҳәм энергияны пайдаланыў көлемине баҳа бериў ушын энергия ислеп шығыўшы ҳәм тутыныўшы үскене, сондай-ақ оны ислеп шығарғанда энергия сарпланатуғын өним энергетикалық экспертизадан өткерилиўи тийис.

Жаңа ҳәм реконструкцияланып атырған объектлердиң, технологиялар менен үскенелердиң жойбарлық ҳүжжетин энергетикалық экспертизадан өткериўи шәрт.

Энергетикалық экспертиза Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети белгилеп берген тәртипте өткериледи.

15-статья. Энергияны есапқа алыў

Ислеп шығарылып ҳәм тутынылып атырған энергияның пүткил көлеми шәртли түрде есапқа алынады.

Есапқа алыў әсбаплары ҳәм үскенелеў гезеги электр ҳәм жыллылық энергиясынан, тәбийий газден, нефтьти қайта ислеў өнимлеринен пайдаланыў қәделери Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети тәрепинен белгиленеди.

Энергияны есапқа алыў нормативлик ҳүжжетлерде белгиленген қәделерге муўапық әмелге асырылады.

Энергияны есапқа алыўдың дурыслығы ушын жуўапкершилик кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң басшыларына ямаса бул бойынша ўәкиллик берилген басқа да мәкемелер басшыларына жүкленеди.

16-статья. Энергияны ислеп шығарыў ҳәм тутыныўды статистикалық бақлаў

Энергияны ислеп шығарыў ҳәм тутыныў көлемин ҳәм структурасын , оны рационал пайдаланыўды статистикалық бақлаўды Қарақалпақстан Республикасының экономика ҳәм статистика министрлиги Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленген тәртипте шөлкемлестиреди ҳәм әмелге асырады.

III. Энергияны рационал пайдаланыўдың Экономикалық механизмлери

17-статья. Мақсетке бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды қаржыландырыў

Энергияны рационал пайдаланыў тараўында миллий, тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды қаржыландырыў, энергиялық нәтийжели программалар ҳәм жойбарларды иске асырыўдан алынатуғын пайда кәрханалардың өндирислик жумысынан алынған дәраматлардың, мақсетке бағдарланған бюджеттен тысқары қорлардың, өзиниң ҳәм сырт ел инвестицияларының, бюджетлик ҳәм басқа да дәреклердиң есабынан нызамда белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

18-статья. Тараўлар аралық энергияны үнемлеў қоры

Энергияны рационал пайдаланыў тараўында мәмлекетлик сиясатты финанслық қоллап-куўатлаў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети тәрепинен бюджеттен тысқары тараўлар аралық энергияны үнемлеў қоры (буннан былай-энергияны үнемлеў қоры) дүзиледи.

Энергияны үнемлеў қорын дүзиў дәреклери төмендегилер:

кредитлер бериўдиң ҳәм қордың басқа да финанс-хожалық жумысынан алынатуғын пайда;

энергияны рационал пайдаланыў тараўында тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды иске асырыўдан алынған пайданың бир бөлеги;

юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң, соның ишинде сырт еллердиң юридикалық ҳәм физикалық тәреплериниң ықтыярлы мақсетке бағдарланған төлемлери;

ҚР 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Нызамына муўапық бесинши абзац алып тасланған

энергияны рационал емес пайдаланғаны ушын экономикалық шара қолланыўдан келип түскен қаржылар;

нызамға қайшы келмейтуғын басқа да түсимлер.

19-статья. Энергияны ислеп шығарыўшыларға ҳәм тутыныўшыларға берилетуғын жеңилликлер

Энергияны рационал пайдаланыў мақсетинде Өзбекстан Республикасының Ҳүкимети юридикалық ҳәм физикалық тәреплерге төмендегилер бойынша жеңилликлер береди:

мәмлекетлик жеңиллик берилген кредит есабынан энергияны рационал пайдаланыў тараўында, тараўлық ҳәм регионаллық мақсетке бағдарланған программалар ҳәм жойбарларды қаржыландырыў;

тараўлар аралық илимий-изертлеў ҳәм тәжирийбе-конструкторлық жумысларды, энергетикалық нәтийжели үскенениң тәжирийбе партиясын ислеп шығарыўды қаржыландырыў;

энергияны пайдаланыў нәтийжелилигин әдеўир арттыратуғын арнаўлы үскенелерди, әсбапларды ҳәм материалларды сырттан алып келиўде бажы төлемлери ҳәм салықлар;

өз ўәкилликлерине муўапық басқа да мәселелер бойынша.

Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети төмендеги юридикалық ҳәм физикалық тәреплерге энергия ушын жеңилликлер берилген тарифлер белгилеўи мүмкин:

белгиленген нормативлерге қарағанда энергияны жумсаўды азайтыўды тәмийинлегенлерге;

энергия жумсаў көлеми белгиленген нормативлерден аз болған конкуренцияға уқыплы өним ислеп шығарғанларға;

жалпы өним ислеп шығарыў ушын жанылғыны шийки зат сыпатында пайдаланып атырғанларға.

Энергияны үнемлеўши технологияларға кеткен шығынлар ҳәм ири қаржылардың тез өзин өтеўи мақсетлеринде үскенелер, әсбаплар, жыллылық өткермейтуғын материалларды ҳәм конструкцияларды, жалпы шығарылатуғын

энергиялық нәтийжели өнимлерди ислеп шығарыўшыларға, тийисли жумыслар ҳәм хызметлерди әмелге асырыўшыларға, сондай-ақ оларды енгизиўди ҳәм пайдаланыўды тәмийинлеўши юридикалық ҳәм физикалық тәреплерге нызамға муўапық жеңиллик берилген салық төлемлери белгиленеди.

Турақ жайларды, квартираларды, кәрханаларды, мәкемелерди ҳәм шөлкемлерди энергия ҳәм жыллылық пенен тәмийинлеўди жетилистириў, энергияны жумсаўды есапқа алыў, қадағалаў ҳәм ретлестириў үскенелери менен үскенелеў бойынша жумысларды әмелге асырыўшы, энергияны тутыныўды қысқартыўға, ресурсларды, энергияның қайта тиклениўши дәреклерин, жанылғының жергиликли түрлерин ҳәм өндирис шығындыларын пайдаланыўға қаратылған жыллылықтың ысырапшылығына жол қоймайтуғын қосымша ҳәм басқа да илажларды орынлаўшы юридикалық ҳәм физикалық тәреплерге энергияны үнемлеў қоры қаржыларынан дотация берилиўи мүмкин.

20-статья. Энергияның қайта тиклениўши дәреклерин пайдаланыў

Энергия менен тәмийинлеўши шөлкемлерге кирмейтуғын электр ҳәм жыллылық энергиясын ислеп шығарыўшылар, усы шөлкемлердиң тармақларына энергия менен тәмийинлеўши шөлкемлер менен келисилген ҳалда орайластырылған энергия менен тәмийинлеў тармақлары ҳәм дәреклериниң менен ең рационал жумыс тәртибин тәмийинлейтуғын муғдарларда ҳәм режимлерде энергия бериў ҳуқықына ийе болады.

Энергияның қайта тиклениўши дәреклерин, екинши ресурслар ҳәм шығындыларды пайдаланыўшы, энергияны рационал пайдаланыў тараўындағы жойбарларға ҳәм программаларға муўапық қурылатуғын энергетикалық дүзилислер ушын электр ҳәм жыллылық энергиясына белгиленетуғын баҳалар ҳәм дүзилислердиң қурылысына ажыратылған ири қаржылардың Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети менен келисилген муддетлерде тез өзин-өзи өтеўин тәмийинлеўи тийис.

Энергетикалық ресурсларды Өзбекстан Республикасы тәрепинен белгилеп берилетуғын тәртипте нәтийжели пайдаланыўды хошаметлеў мақсетлеринде нефть өнимлерине, қазанхана-ошақ жанылғысына мәўсимлик баҳалар және электр ҳәм жыллылық энергиясына мәўсимлик тарифлер, сондай-ақ, электр энергиясына сутка даўамында дифференцияланған тарифлер белгиленеди.

21-статья. Энергияны рационал емес пайдаланғаны ушын жуўапкерлик

Энергияны пайда етиў ҳәм оны сарплаў саласында шуғылланып атырған юридикалық ҳәм физикалық шахслар тиккелей энергияның ысырап болыўына ҳәм энергетикалық жақтан нәтийжесиз өним ислеп шығарылыўына жол қоймайтуғын өним ислеп шығарыў, жумысларды орынлаў ҳәм хызметлер көрсетиўдиң белгиленген энергиялық жақтан нәтийжелилигин тәмийинлеўи шәрт. Бул талаплар бузылғанда лаўазымлы шахслар:

энергияның сапа көрсеткишлери бузылған;

энергияның тиккелей ысырапгершилиги әсбаплар жәрдеминде яки норматив усыл менен анықланған;

энергиялық жақтан нәтийжелилик көрсеткишлери нормативлик ҳүжжетлердиң талапларына сәйкес келмейтуғын өним ислеп шығарылған;

энергияның сарпланыўын әсбап жәрдеминде есапқа алыў бузылған;

сертификатластырылмаған энергетика әсбап-үскенелеринен, энергия тәмийнаты тармақлары ҳәм системаларының элементлеринен пайдаланылған;

бар болған екилемши энергия ресурсларынан пайдаланыўдың белгиленген үлеси тәмийинленбеген жағдайда ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылады. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Ҳәкимшилик жаза шарасы қолланылғанлығы энергия пайда етиў ҳәм оны сарплаў саласында шуғылланып атырған юридикалық шахсларды өзлери келтирген зыянның орнын қаплаў миннетинен азат етпейди. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Физикалық тәреплердиң энергияны рационал емес пайдаланғаны ушын жуўапкерлиги нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

Энергия менен тәмийинлеўдиң келисилмей тоқтатылыўы нәтийжесинде энергияны жеткерип бериўшилер тәрепинен тутыныўшыларға келтирилген зыянлар нызамда белгиленген тәртипте өтеледи.

IV. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

22-статья. Энергияны рационал пайдаланыў тараўында халықаралық бирге ислесиў

Халықаралық бирге ислесиўдиң тийкарғы бағдарлары төмендегилер болып табылады:

сырт еллердиң ҳәм халықаралық шөлкемлер менен энергиялық нәтийжели технологияларды өз-ара пайдалы түрде алмасыў;

республикада энергияны рационал пайдаланыўды тәмийинлейтуғын бирликтеги мәмлекетлер аралық жойбарларды иске асырыў;

энергияны рационал пайдаланыў тараўында халықаралық жойбарлар ислеп шығыўға қатнасыў;

энергиялық нәтийжелилик көрсеткишлерин халықаралық стандартлар талаплары менен үйлестириў, сондай-ақ сертификатластырыў нәтийжелерин өз-ара мойынлаў.

23-статья. Халықаралық шәртнамалар

Егер, Қарақалпақстан Республикасы қатнасыўшысы болған халықаралық шәртнамада усы Нызамда нәзерде тутылғанынан басқа қәделер белгиленген болса, онда халықаралық шәртнаманың қәделери қолланылады.

24-статья. Энергияны рационал пайдаланыў ҳаққында нызамын бузғаны ушын жуўапкерлик

Энергияны рационал пайдаланыў ҳаққында нызамын бузған юридикалық ҳәм физикалық тәреплер белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

